# BAS MAQALA

## ӘЖИНИЯЗ АТЫНДАҒЫ НӨКИС МӘМЛЕКЕТЛИК ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИНСТИТУТЫНЫҢ 90 ЖЫЛЛЫҒЫНА АРНАЎЛЫ ШЫҒЫП СӨЙЛЕЎ

**Қәллибек Камалов –** *Мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик ғайраткер, «Мийнет қаҳарманы», «Эл-юрт ҳурмати» ордениниң ийеси*

Ҳәр бир халықтың, елдиң өсип раўажланыўы ушын биринши гезекте сол халықтың ишинен шыққан саўатлы, билимге қанық кадрлары болыўы керек. Себеби, ҳәр бир мәмлекеттиң келешекте раўажланыўы, тәбийғый байлықларын инсан ийгилигине пайдаланыўы, халықтың материаллық жағдайының көтерилиўи ушын сол елдиң интеллектуаллық күшлериниң керек екенлиги – ҳәммеге мәлим.

Илим раўажланбай – ел раўажланбайды. Қарақалпақ халқы көшпели халық болғанлықтан, оқыў, билимли болыўға ўақтынды жағдайы болмады. Бердақ бабамыз айтқандай:

Қарақалпақ халқы бүлип,<br>
Қоңсы еллери күлип,<br>
Биразлары жолда өлип,<br>
Жүз жыл қоныс басқан емес.

Солай болса да, халқымыз өзиниң даналығын көтериў жолында бираз жетискенликке ийе болған. Бурын жазыў-сызыў болмаса да, қарақалпақ халқы көп дәстанлар дөреткен. 100 ден зият томлық фольклорға ийе болған. Халқымыздың дөреткен нақыл-мақаллары турмыстан алынып, олар философиялық мазмунға ийе болған.

Мен 2 блокнотты толтыратуғын қарақалпақ халқының нақыл-мақалларын, Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлими Гуманитар институтына жазып тапсырдым. Ол нақыл-мақаллар келешек тарийх китабында жазылыўы керек.

Бизиң ата-бабаларымыз буннан көп жыллар бурын генетика илимин қоллап-қуўатлап, бир урыўдың баласы сол урыўдың қызына үйлениўди қадаған етип, «нызам»ды да дөреткен. Бул факт Муратбай Нызановтың «Қарақалпақлар тарийхы» китабында жазылған.

Жуўмақластырып айтқанда, бурын жоқары оқыў орынлары болмаса да қарақалпақ халқы сезгир, турмысты терең түсинген.

### Халықлар қатарынан орын ийелеген

1924-жылы Қарақалпақстан өз алдына автоном область болып, илим-билимге жол ашты. Ел басшылары биринши гезекте Төрткүлде, Шымбайда, Хожелиде педучилище, Төрткүлде аўыл хожалығы техникумы менен медицина училищесин ашыўға еристи.

Төрткүлдеги аўыл хожалығы техникумын биринши болып питкерген Пиржан аға Сейтов көп жыл ел басқарды. Медучилищени питкерген – кейин САГУди питкерген Оразымбет аға Қалмуратов, Рейпназар Аметович Бабаназаров – Денсаўлықты сақлаў министри болып иследи.

Сол жыллары «Қарақалпақстан ушын жоқары мағлыўматлы кадрлар керек», - деген мақсетте 1934-жылы Төрткүлде Муғаллимлер таярлаў институты ашылған. Бул институт «Қарлығаш» сыпатында елимизде жоқары билим алыўшы кадрлар таярлаўды тәмийн ете баслаған.

Муғаллимлер таярлаў институтында қарақалпақ тили ҳәм әдебияты, физика-математика факультетлери ашылған. Институтты бириншилерден болып питкерген Плис Нурпейисов 1938-жылы Тахтакөпирдеги В.И.Ленин атындағы мектепте физика-математика муғаллими болып бизлерди оқытты. 1941-жылы Ўатандарлық урысқа қатнасып, лётчик болып, урыста ерлик көрсеткени ушын «СССР Қаҳарманы» деген атаққа ийе болды. Ал, Хожабек Сейтов бизлерге қарақалпақ тили ҳәм әдебияты пәнинен сабақ берди (Кейин ала Қарақалпақстан Жазыўшылар союзының баслығы).

1942-жылы Төрткүлди дегиш алып, қала суў астына кетиў қәўпине байланыслы Муғаллимлер таярлаў институты Шымбай педучилищесиниң жайына көшип келди. Сол жылы (1942-жылы) мен Тахтакөпир районындағы В.И.Ленин атындағы мектептиң 9-класын ҳәмме сабақтан «айрықша» баҳаларға ийе болып, Шымбайдағы Муғаллимлер таярлаў институтының 1-курсына оқыўға түстим. Бирақ, турмыс жағдайына байланыслы оқыўды даўам етиўге мүмкиншилик болмады.

1944-жылы 8-августтағы ҳүкиметтиң қарары менен институт Нөкис қаласына көшип келди ҳәм Қарақалпақстан мәмлекетлик growing пединституты болып жумыс баслады. Ол Қарақалпақстанға көп кадрлар таярлап бериўши илим «ошағына» айланды.

Сол жыллары бизиң халқымыз арасынан өсип шыққан саўатлы муғаллимлер пайда болды. Москвада оқып билим алған Жүмек Асқарович Орынбаев – педагогика илимлериниң докторы, Нағмет Асқарович Орынбаев – рус тилин толық билетуғын – рус филологиясы бойынша илим докторы. Ташкентте Низами институтын питкерген Турдымурат аға Бекимбетов, Айтжан Есемуратов ҳәм тағы басқа өз халқымыздан өсип шыққан муғаллимлер толысып көбейе баслады.

Пединститутты питкерген жетик саўатлы азаматлар Қарақалпақстанда миллий раўажланыўда жетик саўатлы кадрлар болып қәлиплесип, раўажланыўға өзлериниң азаматлық үлесин қосты. Олар Қарақалпақстанда халық хожалығының ҳәмме тараўында ислеп, елимиздиң жаңа түске ениўине, экономикалық-социаллық раўажланыўына, елимиздиң жаңаланыўына азаматлық үлеслерин қосты.

Пединститутты питкергенлерден Қурбанбай Абдиров, Толыбай Щербеков, Ниязбек Қойлыбаев, Султамурат Қаниязов, Алибек Казбеков, Камал Рзаев, Қайыпберген Юсупов ҳәм т.б. азаматлар қарақалпақ елиниң экономикалық раўажланыўына азаматлық үлесин қосып, ел басқарыў исинде үлкен табысларға ийе болды.

Пединститутты питкерген Хожамберген Ембергенов, Бердибай Қурбанов ҳәм мен – үшеўимиз мийнет қаҳарманы деген атаққа ийе болдық. Ал, А.Өтениязов, Ғ.Хожаниязов, Вера Пак, И.Юсупов, Т.Қайыпбергенов Өзбекстан Қаҳарманы деген атаққа ийе болды.

Пединститутты питкерген көп азаматларға үлкен илимий атақлар берилди. М.Нурмуҳаммедов, С.Камалов, Ж.Базарбаев, Ҳ.Ҳамидов, А.Бахиев,

А.Дәүлетовлар академик деген үлкен атаққа ийе болды.

Пединститутты питкерип, философия илимлериниң кандидаты, профессор Тәжен Изимбетов көп жыллар пединституттың ректоры болып, Қарақалпақстанда илимди раўажландырыўға үлкен үлес қосты. Ал, Ибрайым Юсупов, Төлепберген Қайыпбергенов, Муратбай Нызановлар – әдебият жулдызына айланды.

Пединститутты питкерген жоқары мағлыўматқа ийе болған азаматлар республиканың ҳәмме халық хожалығы ислерине қатнасып, елимиздиң экономикасы, социаллық раўажланыўына азаматлық үлес қосып, бурын артта қалған қарақалпақ елиниң экономикалық-социаллық раўажланыўын тәмийн етти – десек ҳақыйқатлық болады.

Өзбек халқы, әсиресе, оның әдил, ақыллы басшысы Шараф Рашидовтың аталық ғамқорлығы нәтийжесинде бурын қалақ ел-халық хожалығының ҳәмме тараўларын кескин раўажландырып, 1960-1980-жыллар ишинде Өзбекстан областьлары ишинде алдыңғы орынға ийе болды.

Пахташылықта бурын ҳәр гектарынан арқа районларда 7-11 центнер, қубла районларда 15-17 центнерден зүрәәт алынып, оған жумсалған қәрежет өзин-өзи қаплай алмай, халық айлық алыў мүмкиншилигине ийе емес еди. Дийқан, мийнеткеш халық айлықсыз, өзиниң меншигине дән егип, мал сақлап – соның есабынан күн көрип жасар еди. Ал, 1970-1980-жылларда Қарақалпақстанда қалақлықтан шығып, бурынғы 160-170 мың тонна пахта зүрәәти орнына 440-450 мың тонна пахта жетистирди. Солай етип, халқымыздың күн көриси өзгерип, тамағы тойып, үсти-басы өзгерип, кийимге ийе болып, турмысы жақсыланды.

Салы өними ҳәр жылы 352 тоннаға жетти. Тахиаташ ГРЭСи қурылды. Тахиаташ плотинасының қурылыўы нәтийжесинде аржақ-бержақ болып жасаған халық көпир арқалы тутасты.

Капитал қурылысқа да көп дыққат аўдарылды, Қарақалпақстан үлкен қурылыс майданына айланды. Егер 1955-60-жыллары капитал қурылысына жылына 25 миллион рубль жумсалса, 1980-жылларға келип жылына 850-900 миллион рубль жумсалыўға ийе болды. Бурынғы 2 қурылыс тресте орнына 18 қурылыс тресте шөлкемлестирилип, қурылысшылар саны 50 мың адамға жетти. Халқымыз толығы менен электр жақтысына ийе болды, 98% газлести. Сол жыллары 3059 мың километр асфальт жол, Қарақалпақстан ишинде 262 километр темир жол қурылды. Көп турақ жайлар, мектеп, больница, мәдeният орайлары қурылды.

Бурын қалақ ел өзиниң қаҳарманлық мийнети менен қәддин тиклеп, раўажланған еллер қатарына кирип барды.

Жуўмақластырып айтқанда, Қарақалпақстан Өзбекстан менен бирге 1970-80-жылларға келип жаңаланған, раўажланған елге айланып, дүнья цивилизациясына қарай исенимли қәдем таслады.

**Қарақалпақстанда университеттиң ашылыўы**

Нөкисте университет ашыў исине 1968-жылы А.Н.Косыгин менен ушырасып, усы мәселени қойдым. Ол келисим берди. Ҳәр бир елдиң комплекс раўажланыўы интеллектуаллық илимге ийе кадрларды таярлаў, жер асты, жер үсти кәнлерди ашыў – қысқасы ҳәр тәреплеме раўажланыўға кадр таярлаў.

Мен, сол ўақыттағы пединститут ректоры Тәжен Изимбетов пенен Москваға барып, жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министри В.П.Елютинниң қабыллаўында 13 мәртебе болдық. Ол университет ашыўға келисим бермеди (7 мәрте мақулланбады).

Биз қатнаўды даўам етип, 8-мәртебесинде университет ашыўға келисим алдық. ЦК КПССтиң илим бойынша бөлим баслығы С.П.Трапезниковке де кирип, усы мәселени қойдық. КПСС Орайлық комитети секретары М.А.Сусловқа, А.П.Кириленкоға және де ҳәмме ЦК сиясий бюро ағзаларына кирип, университет ашыў мәселесин қойдық.

Көп есиклерди тоздырдық. Ең ақырында 1974-жыл февраль айында ЦК КПССтиң секретариатының қарары менен Нөкисте университет (пединститут базасында) ашыў қарары қабыл етилди.

Университет оқыў орайын 8 айда қурып питкердик. Мен 3 ай жумыстан қол үзбей, «прораб» болып, ең сулыў университет оқыў корпусын қурдық. Университет ашылыўына Шараф Рашидов ҳәм де басқа да ҳүкимет ағзалары қатнасты.

Университетте инженер, агроном, гидротехник, экономист, юрист, журналистика ҳәм талап болып атырған маманлық бойынша факультет аштық. Қарақалпақстан халық хожалығының ҳәмме тараўы бойынша жоқары мағлыўматлы кадр таярлаўға мүмкиншилик туўды.

Қулласы, Бердақ атындағы Нөкис университети арқалы Қарақалпақстанда ҳәмме тараў бойынша жоқары мағлыўматқа ийе қәнигелер таярлаўға жол ашылды. Ҳәзир бул университетте 28 мың студент оқыйды. Үлкен илим ҳәм билим орайына айланған.

1990-жылы Нөкис пединститут қайта ашылды. Оған Әжинияз бабамыздың аты қойылды. Биринши ректор болып академик Ж.Базарбаев сайланды. Ҳәзир Нөкис пединституты үлкен илим орайына айланды. Онда жаслар қарақалпақ, өзбек, қазақ, түркмен ҳәм рус тиллеринде оқыйды. Онда 11 факультет, 2 бөлим, 32 кафедра, 16 мың студент оқыйды. Пединститутта 575 оқытыўшы (27 илим докторы, 207 илим кандидаты) жумыс ислейди.

Пединститут жоқары дәрежели илимге ийе муғаллимлер коллективин таярлап береди. Олар орта мектеплерде муғаллимлик етип, жасларға жетик тәрбия береди. Быйыл Нөкис пединституты Президентимиздиң ғамқорлығы арқасында таза заманагөй ҳәм жүдә сулыў оқыў орнына ийе болды.

Ҳәзир Қарақалпақстанда 100 ден аслам илим докторы, 400-450 жетик илим кандидаты бар. Бул үлкен армия Қарақалпақстанға талантлы кадрлар таярлап береди. Бирақ геология тараўы бойынша илим докторлары аз. Қарақалпақстанда Үстиртте газ, нефть, дуз байлығы, Қаратаўда титаномагнетит (темир) металл байлығы бар. Жамансайда алтын, гранит, мрамор, цемент ислеўге шийки байлықлар көп. Оларды өзлестирип, халық байлығына айландырыўға маман қәнигелер керек.

Өзбекстан Республикасы Президенти, алым, инженер, жетик саўатлы басшы Шавкат Миромонович 7-8 жыл ишинде жоқары оқыў орнының санын 3 есеге көбейтип, келешекке исенимли қәдем таслады.

Ҳәзир ҳүрметли Президентимиздиң аталық ғамқорлығы нәтийжесинде Қарақалпақстанда 13 жоқары оқыў орны ашылды. Шымбай, Хожели, Елликқала районларында жоқары оқыў орынлары-

ның филиаллары бой тикледи. Жоқары оқыў орынларының пайда болыўы – бул келешекке исенимли қәдем таслаў, елимизде интеллектуаль, жетик саўатлы кадрлар таярлаў – келешекке исенимли қәдем – деген сөз.

Илим раўажланса, ол елдиң уллы бийбаҳа байлығы.

Илим раўажланбай, ел раўажланбайды, - деген сөз бул ҳақыйқатлық.

Илайым, қудайым Өзбекстан, Қарақалпақстан елине АллаТааланың нуры жаўып, еллеримиз үлкен бахытқа, байлыққа ийе болғай.

Мен 1945-47-жыллары Муғаллимлер таярлаў институтын питкерип, Сталинлик стипендия алдым. Комсомол комитети секретары болып сайландым. 1955-жылы technicalинститутттың тарийх факультетин экстерно «айрықша» диплом менен тамамладым.

Мениң жаслығым 1941-45-урыс жылларында өтти. Ол жыллары ашлық, халқымыздың турмысы жүдә төмен болды. Усы жыллардың қыйыншылығы тезирек ақыл жыйнаўға, ержетиўге жетекледи.

Мен 1947-жылы Обком комсомолдың кадр бойынша, ал 1949-жылы I секретары болып иследим. 1951-жылы Қарақалпақстан Министрлер Кеңесиниң орынбасары, 1943-жылы Нөкис горисполкомының баслығы, кейин Коммунал хожалығы министри, 2,5 жыл автомобиль транспорты тас жоллар министри, 1958-жылы Куйбишев райкомының биринши секретары болып иследим. Хожалық органларында ислеп көп тәжирийбеге ийе болдым.

Тәғдирдиң жолламасы менен 25 жыл (шерек әсир) Қарақалпақстан елине биринши басшы болып иследим. Ол жыллары Қарақалпақстан хожалықтың ҳәмме тараўы бойынша ең қалақ ел еди. Өзбек халқының атасы Шараф Рашидовтың қоллап-қуўатлаўы ҳәм көп мийнети, республика халқының қаҳарманлық мийнети нәтийжесинде 1970-жылларға келип Қарақалпақстан қәддин тиклеп, экономиканың раўажланыўы бойынша ең алдыңғы регионлар дәрежесине көтерилди. Ол жеңислер ҳаққында «Ел хызметинде» деген китапты жазып, халқыма инәм еттим.

Ҳәзир мен 99 жасқа келдим. Ҳәр күни 30-35 бет китап оқыйман. «Аргументы и факты» деген газетаны толығы менен оқыйман. Солай етип, дүнья цивилизация жолына қаныкпан.

Бизде айырым илим докторы болған азаматлар илимниң «шоққысына» шықтым деп китап, газета оқымайды. Илим күн сайын, ай сайын, жыл сайын таза идеялар менен раўажланып атыр. Китап, газета оқымаған, илимин жетилистирип бармаған профессорлар «қалақ» болып қалады. Китап оқыў – жаңаланыў, дүньяның раўажланыўына аяқ қосып барыў деген сөз.

Маған бирге ислескен ел азаматлары ҳаққында кинофильмге интервью бериң деп, өзлери ямаса баллары өтиниш етеди. Мен олардың тилегине бола 24 кинофильмге интервью бердим. Солай етип, дүньядан көз жумғанлардың руўхын шад еттим, тирилерге қанат байладым.

Тарийх ҳәр бир халықтың паспорты. Бизде жазылған тарийх шала, болжаў. Бизиң ата-бабаларымыз кимлер, қай жерден шыққан, көшпели болып жасап күн көриўи қалай болды? Жуўап жоқ.

Қарақалпақлар революцияға шекем 0,2% саўатлы болған дейди. Булардың ҳәммеси болжаў, өтирик. Мен тарийхшы сыпатында «Қарақалпақ халқының тарийхы ҳаққында жаңа дереклер» деген китапша жаздым. Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлими гуманитар институты соңғы 10-15 жыл ишинде ҳеш тарийхый мийнет жазған жоқ. Олар халық алдында қарыздар болып, шөгип қалды.

Мен Москва, Санкт-Петербург, Кисловодск, Қазан, Уфа, Астана, Ташкент, Хорезмнен жыйнап, гуманитар институты китапханасына 700 китап тапсырдым. Алты томлық Қарақалпақстан тарийхын жазыўға мәсләҳәт бердим.

Бул жоқарыдағы пикирлерди айтыўдағы мақсет сизлер педагогика орайы, билип қойсын, қәлесе тарийх жазыўға көмеклессин деген мақсетте айтып отырман.

Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты елимизде туңғыш жоқары билим орайы. Бул институт қарақалпақ елиниң жаңаланыўына, мәдений раўажланыўына, халқымыз илимий дәрежесиниң өсиўине кадрлар таярлап, теңи-тайы жоқ үлкен үлес қосты. Саўатсыз, шала саўатлы елдиң, халықтың илимин жоқарылатып, басқа халықлар сыяқлы илимий өсип-өниўине кең жол ашып берди. Сонлықтан, бул институт Қарақалпақстан тарийхында алтын сыя менен жазып, халқымыздың ҳүрмет-иззетине миясар.

«Илим – ақыл шырағы» дейди дана халқымыз. Сол ақыл шырағы, елдиң жетик саўатлы болыўы, илимпаз, илим докторлары, биринши академиклерди таярлап берген мақтаўға ылайықлы – усы институттың коллективи. Усындай мийнет еткен институт коллективи алдында «бас ийип», мың-мың рахметлер айтыўға мәжбүрмиз.

Усы жылы нотада techинститут коллективине, оның ақыллы, дана илимпазларына, халқымызды «жарық дүньяға» шығарып, саўатлы, билимли елге айландырып келген, ҳәзирде усы бағдарда ийманлы ислерди әмелге асырып атырған коллектив ағзаларына рахмет айтып, олардың уллы хызметлери алдында бас ийемиз.

Бизиң ушын аса қәдирдан устазларымызға мың-мың рахметлер айтып, ҳәмме коллектив ағзаларына, кеўли ашық жас студентлерине узақ өмир, беккем денсаўлық, гөзлеген мақсетине жетип, ел балаларын саўатлы азаматлар етип тәрбиялап, Қарақалпақстан илим гигантын көкке көтериўге табыслар тилеймиз.

«Устазы зордың билими зор» дейди дана халқымыз.

Сизлерге талмас ғайрат, беккем қуўат тилеп, сөзимди жақсы «нота»да тамамлайман. Ең жақсы тилеклер менен.